# Respublikalıq qıstawlı medicinalıq járdem ilimiy orayı Nókis filialınıń bas imaratı jańadan tolıq rekonstrukciyalanıp paydalanıwǵa tapsırıldı

Mámleketimizde xalıqtıń densawlıǵın saqlaw, joqarı dárejedegi sapalı medicinalıq xızmet kórsetiw sistemasın qáliplestiriw hám onıń nátiyjeliligin arttırıw, analıq hám balalıqtı qorǵaw, juqpalı keselliklerdiń aldın alıw hám xalıqtıń medicinalıq mádeniyatın hám bilim dárejesin kóteriw, diagnostika hám emlewde joqarı texnologiyalardı engiziw, medicinanıń huqıqıy tiykarın jetilistiriw densawlıqtı saqlaw tarawındaǵı mámleket siyasatınıń tiykarǵı principleri bolıp esaplanadı.

Image not found or type unknown

Haqıyqatında da, densawlıqtı saqlaw sistemasında, ásirese, keshiktirip bolmaytuǵın qıstawlı medicinalıq járdem kórsetiwdiń materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew, maman kadrlar, dári quralları, medicinalıq ásbap-úskeneler, qánigelestirilgen avtotransport hám baylanıs quralları menen támiyinlew dárejesin jaqsılaw aktual máselelerden bolıp qalmaqta.

Mine usılardan kelip shıǵıp, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi tárepinen ajıratılǵan 3 milliard 702 million sum qarjı tiykarında Respublikalıq qıstawlı medicinalıq járdem ilimiy orayı Nókis filialınıń birneshe bólimlerdi óz ishine qamtıǵan bas imaratı jańadan tolıq rekonstrukciyalanıp paydalanıwǵa tapsırıldı. Filial jańa imaratınıń materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew maqsetinde Kuveyt mámleketi banki tárepinen qarjılandırılǵan 2 milliard 11 million sumlıq ásbap-úskeneler menen támiyinlendi. Kelesi jılda bolsa, filialdıń jáne bir 2 etajlı korpusı tolıq buzılıp, ornına 26 milliard sum muǵdarında bahalanıp otırǵan 4 etajlı jańa imarat boy tiklewi aldıǵa maqset etip qoyılǵan.

Image not found or type unknown

Bul bolsa, óz náwbetinde, emlew procesiniń nátiyjeliligin arttırıp ǵana qalmay, stacionar emlew múddetlerin hám bunıń nátiyjesinde sarıp-qárejetlerdi de keskin kemeytiwi sózsiz. Bunnan tısqarı, filialda eń joqarı talaplarǵa juwap beretuǵın medicinalıq apparatlar, tiykarınan, júrek hám qan-tamırlardıń ultradawıs doplerografiyası, zamanagóy angiografikalıq dúzilmesi, multispiral kompyuter tomografiya hám magnit-rezonans tomograf apparatları menen tolıq támiyinlew ushın imkaniyat jaratıladı.

Sonıń menen birge Ministrler Keńesinde jańadan Kompyuter tomografiyası apparatın alıp keliw máselesi kórip shıǵılmaqta. Jáne «Ezgu amal» fondı qáwenderliginde Latviya mámleketinen alıp kelinetuǵın úskeneler tiykarında kislorod stanciyası qurılısı dawam etip atır.

Image not found or type unknown

Bul ámelge asırılıp atırǵan jańalanıwlar eń birinshi gezekte xalqımızdıń densawlıǵın tiklewge, olardıń qıstawlı medicinalıq járdemge bolǵan mútájligin joqarı sapada qanaatlandırıwǵa, shın pidayı kásip iyeleri bolǵan medicina xızmetkeleriniń iskerliginiń jaqsılanıwına, sol arqalı adamlardıń medicina tarawına bolǵan isenimin aqlap, húrmetine erisiwine xızmet etedi.

QR Densawlıqtı saqlaw ministrligi Málimleme xızmeti